

Your Logo

Your Legal Services Program Name

KEKSION YO MANDE ANPIL SOU FOOD STAMPS

Kimoun ki kalifié pou Food Stamps apré yon Siklòn

Apré yon siklòn, gen 3 kalité food stamps ou kapab jwenn:

Food Stamps kòm ranplasman pou ranplasé manjé ou pèdi osinon ki gaté;

Food Stamps pou Siklòn paské ou té frapé pa yon siklòn; ak

Food Stamps pou ka ljans paské ou gen yon bézwen ljan.

Dépann nan ki sikonstans ou tonbé épi ak ki kalité food stamps ki disponib, ou kapab kalifié pou yon sèl kalité, osinon 2 épi menm 3, osinon ou ka pa kalifié pou youn menm.

Food Stamps kòm Ranplasman

1. Mwen ap résévwa Food Stamps, men tout manjé mwen té gaté lè kouran-an té koupé pandan siklòn nan. Kisa mwen kapab fè?

Ou kapab kalifié pou Food Stamps kòm Ranplasman pou ou ranplasé manjé ki gaté osinon pou ou acheté lòt manjé nan makèt. Tanpri kontakté travayè sosyal ou-a nan biwo lokal DCF osinon rélé DCF nan niméwo gratis sa-a 1-866-762-2237 pou plis enfòmasyon sou kouman ou kapab jwenn Food Stamps kòm Ranplasman.

Food Stamps Pou Siklòn

1. Kisa Food stamps pou Siklòn yé?

Gouvènman fédéral ka désidé bay Stamps apré Siklòn lè makèt yo rérouvè apré yon siklòn ki té anpéché yo délivré manjé ba yo.

2. Kimoun ki kalifié pou Food Stamps apré Siklòn?

Sa dépann sa gouvènman désidé apré chak siklòn. Kay ki nan zòn koté siklòn nan té pasé kapab kalifié pou Food Stamps menm lè yo pat kapab kalifié pou lòt kalité Food Stamps yo.

3. Kouman pou mwen apliké pou Food Stamps apré Siklòn?

Rélé DCF nan niméwo gratis sa-a 1-866-762-2237 pou ou chaché konnen ki koté pou ou apliké, osinon kontakté Sant Lokal Réparasion pou Siklòn (Disaster Recovery Center). Ou kapab apliké tou sou Entènèt nan www.dcf.state.fl.us/ess/. Ou gen pou fè DCF konnen ou apliké pou Food Stamps apré Siklòn

Food Stamps Pou Ka Ijans

1. Kisa Food Stamps Pou Ka Ijans yé?

Food Stamps pou ka Ijans sé pou moun ki nan gwo bézwen, épi yo bay li sou 7 jou apré yo apliké. Lè ou apliké pou Food Stamps Régilié, yo ap mandé kéksion pou yo wè si ou kalifié pou Food Stamps pou ka Ijans.

2. Kouman pou'm fè konnen si mwen kalifié pou Food Stamps pou ka Ijans?

Pou ou kalifié pou Food Stamps pou ka Ijans, ou dwé moutré youn nan bagay sa yo anba-a.

- A. Kay ou touché pi piti pasé 150 dola chak mwa anvan taks, épi nou gen pi piti pasé 100 dola nan men nou osinon labank; osinon
- B. Ou sé yon migran osinon ou sé tèt fanmi lan ki travay nan jaden kèk sézon épi ki gen pi piti pasé 100 dola nan men ou épi tou ou pa gen pou ou résévwa plis lajan nan mwa ou apliké-a; osinon
- C. Lajan tout moun ki nan kay la péyé chak mwa pou mògèj ak lòt bil plis pasé sa nou touché chak mwa anvan taks mété ansanm ak lajan nou gen nan men nou osinon labank.

3. Eské imigran kalifié pou Food Stamps pou ka Ijans?

Anpil imigran, genyen tou réfiyé, moun ki gen azil, moun ki antré sou program Kiben/Ayisien, moun ki gen rézidans pèmanant légal (grenn kat) ki travay nan péyi Etazini pou yon total 120 mwa, manb tribi Endien gouvènman fédéral rékonèt, vétèran ak manb Sèvis Lamé, moun sa yo kalifié.

4. Ki prèv mwen bézwen pou'm jwenn Food Stamps nan ka Ijans?

Ou dwé kapab bay prèv ou sé moun ou di ou yé-a, sa vlé di moutré dokiman ki gen nom ou sou yo, osinon fè kèk moun ki konnen ou prezanté pou di sé ou menm.

5. Eské map gen pou'm ranpli kèk lòt kondision pou'm kalifié?

Yo ap mandé prèv papié imigrasion ou, niméwo sékirité sosyal ou, konbé kòb ou touché ak ki dépan ou genyen lè ouap apliké. Men, menm si ou pa ka bay tout prèv yo, ouap kalifié pou Food Stamps pou ka Ijans nan 7 jou konsa apré ou apliké.

6. Si mwen pa kalifié pou Food Stamps pou ka Ijans, eské mwen kapab toujou jwenn Food Stamps Régilié?

Wi, yo ap analizé aplikasion Food Stamps ou-a épi ou dwé jwenn yon désizyon ékri nan 30 jou ki ap fè ou konnen si ou kalifié épi ki kantité bénéfis ouap jwenn. Si yo réfizé ba ou bénéfis sa yo épi ou kwè ou gen dwa pou ou jwenn yo, kontakté Biwo Sèvis Légal ki pi pré ou-a.

Pou plis enfòmasyon osinon asistans, tanpri kontakté biwo nou ki pi pré ou.

Your Legal Services Office Contact Information